CAREERINDIA

# PAPER-III
# MAITHILI

**Signature and Name of Invigilator**

1. (Signature) __________________________
   (Name) ____________________________
2. (Signature) __________________________
   (Name) ____________________________

OMR Sheet No. : ...............................................
(To be filled by the Candidate)

Roll No. | | | | | | | | |
(In figures as per admission card)

Roll No.________________________________
(In words)

**D 1 8 1 4**

Time : **2 $^1/_2$** hours] [Maximum Marks : **150**

Number of Pages in this Booklet : **12** | Number of Questions in this Booklet : **75**

## Instructions for the Candidates

1. Write your roll number in the space provided on the top of this page.
2. This paper consists of seventy five multiple-choice type of questions.
3. At the commencement of examination, the question booklet will be given to you. In the first 5 minutes, you are requested to open the booklet and compulsorily examine it as below :
   (i) To have access to the Question Booklet, tear off the paper seal on the edge of this cover page. Do not accept a booklet without sticker-seal and do not accept an open booklet.
   (ii) **Tally the number of pages and number of questions in the booklet with the information printed on the cover page. Faulty booklets due to pages/questions missing or duplicate or not in serial order or any other discrepancy should be got replaced immediately by a correct booklet from the invigilator within the period of 5 minutes. Afterwards, neither the Question Booklet will be replaced nor any extra time will be given.**
   (iii) After this verification is over, the OMR Sheet Number should be entered on this Test Booklet.
4. Each item has four alternative responses marked (A), (B), (C) and (D). You have to darken the circle as indicated below on the correct response against each item.
   **Example :** Ⓐ Ⓑ ● Ⓓ
   where (C) is the correct response.
5. Your responses to the items are to be indicated in the **OMR Sheet given inside the Booklet only.** If you mark at any place other than in the circle in the OMR Sheet, it will not be evaluated.
6. Read instructions given inside carefully.
7. Rough Work is to be done in the end of this booklet.
8. If you write your Name, Roll Number, Phone Number or put any mark on any part of the OMR Sheet, except for the space allotted for the relevant entries, which may disclose your identity, or use abusive language or employ any other unfair means such as change of response by scratching or using white fluid, you will render yourself liable to disqualification.
9. You have to return the test question booklet and Original OMR Sheet to the invigilators at the end of the examination compulsorily and must not carry it with you outside the Examination Hall. You are, however, allowed to carry original question booklet and duplicate copy of OMR Sheet on conclusion of examination.
10. **Use only Blue/Black Ball point pen.**
11. **Use of any calculator or log table etc., is prohibited.**
12. **There is no negative marks for incorrect answers.**

## परीक्षार्थियों के लिए निर्देश

1. इस पृष्ठ के ऊपर नियत स्थान पर अपना रोल नम्बर लिखिए ।
2. इस प्रश्न-पत्र में पचहत्तर बहुविकल्पीय प्रश्न हैं ।
3. परीक्षा प्रारम्भ होने पर, प्रश्न-पुस्तिका आपको दे दी जायेगी । पहले पाँच मिनट आपको प्रश्न-पुस्तिका खोलने तथा उसकी निम्नलिखित जाँच के लिए दिये जायेंगे, जिसकी जाँच आपको अवश्य करनी है :
   (i) प्रश्न-पुस्तिका खोलने के लिए उसके कवर पेज पर लगी कागज की सील को फाड़ लें । खुली हुई या बिना स्टीकर-सील की पुस्तिका स्वीकार न करें ।
   (ii) **कवर पृष्ठ पर छपे निर्देशानुसार प्रश्न-पुस्तिका के पृष्ठ तथा प्रश्नों की संख्या को अच्छी तरह चैक कर लें कि ये पूरे हैं । दोषपूर्ण पुस्तिका जिनमें पृष्ठ/प्रश्न कम हों या दुबारा आ गये हों या सीरियल में न हों अर्थात् किसी भी प्रकार की त्रुटिपूर्ण पुस्तिका स्वीकार न करें तथा उसी समय उसे लौटाकर उसके स्थान पर दूसरी सही प्रश्न-पुस्तिका ले लें । इसके लिए आपको पाँच मिनट दिये जायेंगे । उसके बाद न तो आपकी प्रश्न-पुस्तिका वापस ली जायेगी और न ही आपको अतिरिक्त समय दिया जायेगा ।**
   (iii) इस जाँच के बाद OMR पत्रक की क्रम संख्या इस प्रश्न-पुस्तिका पर अंकित कर दें ।
4. प्रत्येक प्रश्न के लिए चार उत्तर विकल्प (A), (B), (C) तथा (D) दिये गये हैं । आपको सही उत्तर के वृत्त को पेन से भरकर काला करना है जैसा कि नीचे दिखाया गया है ।
   **उदाहरण :** Ⓐ Ⓑ ● Ⓓ
   जबकि (C) सही उत्तर है ।
5. प्रश्नों के उत्तर **केवल प्रश्न पुस्तिका के अन्दर दिये गये OMR पत्रक पर ही** अंकित करने हैं । यदि आप OMR पत्रक पर दिये गये वृत्त के अलावा किसी अन्य स्थान पर उत्तर चिह्नांकित करते हैं, तो उसका मूल्यांकन नहीं होगा ।
6. अन्दर दिये गये निर्देशों को ध्यानपूर्वक पढ़ें ।
7. कच्चा काम (Rough Work) इस पुस्तिका के अन्तिम पृष्ठ पर करें ।
8. यदि आप OMR पत्रक पर नियत स्थान के अलावा अपना नाम, रोल नम्बर, फोन नम्बर या कोई भी ऐसा चिह्न जिससे आपकी पहचान हो सके, अंकित करते हैं अथवा अभद्र भाषा का प्रयोग करते हैं, या कोई अन्य अनुचित साधन का प्रयोग करते हैं, जैसे कि अंकित किये गये उत्तर को मिटाना या सफेद स्याही से बदलना तो परीक्षा के लिये अयोग्य घोषित किये जा सकते हैं ।
9. आपको परीक्षा समाप्त होने पर प्रश्न-पुस्तिका एवं मूल OMR पत्रक निरीक्षक महोदय को लौटाना आवश्यक है और परीक्षा समाप्ति के बाद उसे अपने साथ परीक्षा भवन से बाहर न लेकर जायें । हालांकि आप परीक्षा समाप्ति पर मूल प्रश्न-पुस्तिका तथा OMR पत्रक की डुप्लीकेट प्रति अपने साथ ले जा सकते हैं ।
10. **केवल नीले/काले बाल प्वाईंट पेन का ही इस्तेमाल करें ।**
11. **किसी भी प्रकार का संगणक (कैलकुलेटर) या लाग टेबल आदि का प्रयोग वर्जित है ।**
12. **गलत उत्तरों के लिए कोई नकारात्मक अंक नहीं हैं ।**

www.careerindia.com

# मैथिली

## प्रश्नपत्र – III

**नोट :** एहिमे **पचहत्तरि (75)** बहु-विकल्पीय प्रश्न अछि । प्रत्येक प्रश्नक लेल **दू (2)** अंक अछि । **सभ** प्रश्न अनिवार्य अछि ।

**1.** ‘विद्यापतिजँ नहिलीतथि मिथिला मे अवतार तँ की होइत कतहु पुनि भाषा कवित प्रचार’ ई पंक्तिलिखने छथि

(A) वैद्यनाथ मल्लिक ‘विधु’ (B) जयनारायण झा ‘विनीत’
(C) दीनानाथ पाठक ‘बन्धु’ (D) सीताराम झा

**2.** ‘नहि पतन एक दिन ककर हैत
पृथ्वीक कोर मे के न जैत
तेँ सकल वस्तु मे सम भाव
राखक थिक पढ़ु गीता सटीक’
ई पंक्ति अछि

(A) नवान्न मे (B) छुतहर मे
(C) पतित पीक मे (D) घसल अठन्नी मे

**3.** ‘घसल अठन्नी’मे अछि

(A) शृंगार रस (B) करुण रस
(C) हास्य रस (D) अद्भुत रस

**4.** ‘वृष्टि-मुष्टिएँ-सृष्टि कानि की
भयेँ मेल अछि पानि-पानि की’ – कहल गेल अछि

(A) पयस्विनीमे (B) साओन भादवमे
(C) प्रतिपदामे (D) अर्चनामे

**5.** साहित्य ओ राजनीतिक क्षेत्रमे ख्याति प्राप्त छलनि

(A) रमानन्द रेणुकेँ (B) जीवकान्तकेँ
(C) सुरेन्द्र झा ‘सुमन’केँ (D) रामकृष्ण झा ‘किसुन’केँ

**6.** साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत अछि

(A) प्रतिपदा (B) पत्रहीन नग्न गाछ
(C) पूजाक फूल (D) आशा-दिशा

**7.** ‘परम सत्य’ संगृहीत अछि

(A) द्वादशीमे (B) सूर्यमुखीमे
(C) पयस्विनीमे (D) चित्रामे

CAREERINDIA

8. साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत छथि

(A) कुमार मनीष अरविन्द (B) रामकिशोर झा 'विभाकर'

(C) जीवकान्त (D) रामलोचन ठाकुर

9. 'की फुरैए की ने' – लिखने छथि

(A) अमलेन्दु शेखर पाठक (B) रमानाथ मिश्र 'मिहिर'

(C) फुलचन्द्र झा 'प्रवीण' (D) भीमनाथ झा

10. 'स्वगत' होइत अछि

(A) कवितामे (B) नाटकमे

(C) कथामे (D) उपन्यासमे

11. 'अपनुक आनन आरसि हेरी
चानक मरम काँप कत बेरी' – ई पंक्ति अछि

(A) प्रभावतीहरणमे (B) पारिजातहरणमे

(C) ऊषाहरणमे (D) हरगौरीविवाहमे

12. 'लक्ष्मण रेखा खण्डित' लिखने छथि

(A) दमन कुमार झा (B) उदयनारायण सिंह 'नचिकेता'

(C) रामदेव झा (D) महेन्द्र मलंगिया

13. नारीक शिक्षा पर आधारित उपन्यास थिक

(A) पृथ्वीपुत्र (B) कन्यादान

(C) मधुश्रावणी (D) दू-पत्र

14. 'रायरणपाल' लिखने छथि

(A) गोविन्द झा (B) योगानंद झा

(C) व्रजकिशोर वर्मा 'मणिपद्म' (D) महेन्द्र हजारी

15. 'प्रतिनिधि' कथासंग्रह अछि

(A) प्रभास कुमार चौधरीक (B) सोमदेवक

(C) राजकमलक (D) ललितक

**16.** रमानन्द 'रेणु'क कथासंग्रह अछि

(A) कचोट (B) वीरभोग्या

(C) एक खीरा तीन फाँक (D) एक आदि एक अन्त

**17.** 'दिदबल' लिखने छथि

(A) अशोक (B) राजमोहन झा

(C) प्रभास कुमार चौधरी (D) गंगेश गुंजन

**18.** हरिमोहन झाक कथा अछि

(A) दृष्टिकोण (B) रेलक अनुभव

(C) गाड़ीक पहिया (D) पिता

**19.** 'साठि वर्षक बूढ़ की जानय गेल जे साठि दिनक विरह केहन होइत अछि' – ई पंक्ति अछि

(A) बिकट पाहुनमे (B) ग्रामसेविकामे

(C) टोटमामे (D) पाँच-पत्रमे

**20.** 'घरदेखिया' कथाक लेखक छथि

(A) प्रदीप बिहारी (B) रासलाल यादव

(C) सुभाष चन्द्र यादव (D) अशोक कुमार मेहता

**21.** मैथिली रंगमंचक कुशल निर्देशक छथि

(A) सुकान्त सोम (B) कुणाल

(C) विवेकानन्द ठाकुर (D) नरेश कुमार 'विकल'

**22.** रमानाथ झाक कृति अछि

(A) वाणिनी (B) हमर दृष्टिएँ

(C) विमर्श (D) प्रबन्ध संग्रह

**23.** 'मैथिली काव्यमे ज्योतिष' ग्रंथक प्रणयन कयने छथि

(A) रामनरेश सिंह (B) हरिवंश झा

(C) रमण झा (D) केष्कर ठाकुर

**24.** 'भाषणत्रयीं'क सम्पादक छथि

(A) लेखनाथ मिश्र (B) नवीनचन्द्र मिश्र

(C) लक्ष्मण चौधरी 'ललित' (D) देवेन्द्र झा

**25.** 'अनवरत'क लेखक छथि

(A) चन्द्रेश (B) मोहन भारद्वाज

(C) देवनारायण साह (D) फूलो पासवान

**26.** 'भजारल' पोथीक लेखक छथि

(A) इलारानी सिंह (B) ललितेश मिश्र

(C) रमानन्द झा 'रमण' (D) मन्त्रेश्वर झा

**27.** 'निशा नायिकाक शंखवलय अइसन आकाश.
दीक्षितक कमण्डल अइसन.
चन्द्रकान्तक प्रभा अइसन.
तारकाक सार्थवाह अइसन.
श्रृंगारक कल्लोल अइसन.
कुमुदवनक प्राण अइसन.'
– ई वर्णन अछि

(A) सूर्यक (B) चन्द्रमाक

(C) ताराक (D) गगनक

**28.** साहित्य अकादेमीसँ पुरस्कृत सुभद्र झाक पोथी अछि

(A) मोड़ पर (B) नातिक पत्रक उत्तर

(C) उचाट (D) युगपुरुष

**29.** जयकान्त मिश्र छथि

(A) कवि (B) उपन्यासकार

(C) इतिहासकार (D) नाटककार

**30.** मैथिली उपन्यास पर आलोचनात्मक पुस्तक लिखने छथि

(A) अमरेश पाठक (B) लेखनाथ मिश्र

(C) नवीनचन्द्र मिश्र (D) शिवशंकर झा 'कान्त'

**31.** 'शारान्तिधा'क लेखक छथि

(A) माहेश्वरी सिंह 'महेश' (B) राधाकृष्ण चौधरी

(C) विष्णु किशोर झा 'बेचन' (D) कृष्ण कुमार ठाकुर

32. नायक-नायिकाक रूपमे कमल-नलिनीक वर्णन अछि

(A) कन्यादानमे (B) द्विरागमनमे

(C) विदागरीमे (D) मधुश्रावणीमे

33. 'मिथिला मोद'क प्रकाशन मेल अछि

(A) काशीसँ (B) कोलकातासँ

(C) दिल्लीसँ (D) अजमेरसँ

34. 'वैदेही'क प्रकाशनमे सक्रिय भूमिका रहल अछि

(A) ताराकान्त झाक (B) वैद्‌यनाथ चौधरी 'बैजू'क

(C) विश्वनाथ झाक (D) कृष्णकान्त मिश्रक

35. 'घर-बाहर'क प्रधान सम्पादक छथि

(A) राजनन्दन लाल दास (B) रामभरोस कापड़ि 'भ्रमर'

(C) वासुकीनाथ झा (D) शरदिन्दु चौधरी

36. झारखण्डक 'सनेस'क सम्पादन कयने छथि

(A) प्रमोद कुमार पाण्डेय (B) शिवप्रसाद यादव

(C) रामसेवक सिंह (D) अशोक 'अविचल'

37. 'स्वदेश' प्रकाशित मेल अछि

(A) दैनिक पत्रक रूपमे (B) साप्ताहिक पत्रक रूपमे

(C) पाक्षिक पत्रक रूपमे (D) मासिक पत्रक रूपमे

38. 'मैथिली लोकगीत'क सम्पादिका छथि

(A) माधुरी झा (B) प्रीती झा

(C) अणिमा सिंह (D) वीणा ठाकुर

39. 'मैथिली लोकोक्ति कोष'क संग्रह कयने छथि

(A) महेन्द्र झा (B) रामसेवक सिंह

(C) लोकनाथ मिश्र (D) प्रेमशंकर सिंह

**40.** 'चिकुर गरय जलधारा
जनि मुख शशि डर रोए अन्हारा' – ई पंक्ति थिक

(A) अमृतकरक (B) विद्यापतिक
(C) उमापतिक (D) हर्षनाथ झाक

**41.** 'तातल सैकत वारि विन्दु सम
सुत मित रमणि समाजे' – ई कहने छथि

(A) विद्यापति (B) गोविन्ददास
(C) लोचन (D) मनबोध

**42.** 'अवसओ विसहर विसबमइ अमिअ विमुक्कइ चन्द' – एहि पाँतीक भाषा थिक

(A) संस्कृत (B) प्राकृत
(C) अवहट्ठ (D) पालि

**43.** 'गंगावाक्यावली' कृति अछि

(A) उमापतिक (B) रमापतिक
(C) नन्दीपतिक (D) विद्यापतिक

**44.** धवल कमल फुल _______ मेल' – एहि रिक्त स्थानमे होयत

(A) छुतहर (B) पुरहर
(C) घरहर (D) हरहर

**45.** वीरः सुधीः सविद्यश्च पुरुषा पुरुषार्थवान् – ई पंक्ति थिक

(A) कीर्तिलताक (B) कर्पूरमंजरीक
(C) पुरुष परीक्षाक (D) रघुवंशक

**46.** 'चन्द्र चकोर अहीकँ सदा हम शोक समुद्र समाइलि छी' – इ उक्ति अछि

(A) उर्मिलाक (B) कौशल्याक
(C) सुमित्राक (D) सीताक

**47.** सर्वाधिक छन्दक प्रयोग मेल अछि

(A) रामसुयश सागरमे (B) मिथिला भाषा रामायणमे
(C) रमेश्वर चरित मिथिला रामायणमे (D) जानकी रामायणमे

**48.** लक्ष्मीश्वर सिंहक आश्रयमे रामकाव्यक रचना कयलनि

(A) रघुनन्दन दास (B) सीताराम झा

(C) चन्दा झा (D) मनबोध

**49.** 'मारिक डरेँ भूत पड़ाय' – एहि लोकोक्तिक प्रयोग कयने छथि

(A) कविशेखर बदरीनाथ झा (B) रघुनन्दन दास

(C) लाल दास (D) चन्दा झा

**50.** लंकादहनक वृत्तान्त वर्णित अछि

(A) किष्किन्धाकाण्डमे (B) अरण्यकाण्डमे

(C) सुन्दरकाण्डमे (D) लंकाकाण्डमे

**51.** 'सुभद्राहरण' लिखने छथि

(A) महिनाथ झा (B) मार्कण्डेय प्रवासी

(C) दीनानाथ पाठक 'बन्धु' (D) रघुनन्दन दास

**52.** 'मिथिला भाषा रामायण'मे रावण-अंगद संवाद अछि

(A) किष्किन्धाकाण्डमे (B) सुन्दरकाण्डमे

(C) लंकाकाण्डमे (D) उत्तरकाण्डमे

**53.** पुष्करकाण्डक वर्णन अछि

(A) रामसुयश सागरमे (B) रमेश्वर चरित मिथिला रामायणमे

(C) जानकी रामायणमे (D) सीतायनमे

**54.** 'दानव कालकेतु'क वर्णन अछि

(A) एकावली-परिणयमे (B) अम्बचरितमे

(C) सुभद्राहरणमे (D) कृष्णचरितमे

**55.** 'वृक्षक हरियर-हरियर दल पर मिलल दलक दल हरियर आबि'मे अलंकार अछि

(A) विभावना (B) काव्यलिंग

(C) यमक (D) दीपक

CAREERINDIA

**56.** 'टेङरा-पोठी चाल दए रोहुक शीर बिसाय' – ई पंक्ति लिखने छथि

(A) लालदास (B) सीताराम झा

(C) रघुनन्दन दास (D) चन्दा झा

**57.** 'बन्धु' उपनाम अछि

(A) तन्त्रनाथ झाक (B) दीनानाथ पाठकक

(C) बदरीनाथ झाक (D) महिनाथ झाक

**58.** 'कीचक वध' अछि

(A) महाकाव्य (B) खण्डकाव्य

(C) मुक्तककाव्य (D) कुकाव्य

**59.** कविशेखर बदरीनाथ झा छथि

(A) नाटककार (B) उपन्यासकार

(C) महाकाव्यकार (D) कथाकार

**60.** 'जलमे किरण किरणमे लाली, लालीमे सौन्दर्य अपार' – ई पंक्ति अछि

(A) बुद्धायनमे (B) प्रतिज्ञा पाण्डवमे

(C) अगस्त्यायिनीमे (D) चाणक्यमे

**61.** दामोदर लालदास कृत 'शकुन्तला' थिक

(A) महाकाव्य (B) खण्डकाव्य

(C) गीतिकाव्य (D) मुक्तककाव्य

**62.** केदारनाथ लाभक रचना अछि

(A) एकलव्य (B) भारती

(C) पतन (D) शरशय्या

**63.** इन्द्र पलायनक पश्चात् स्वर्गक राजा मेलाह

(A) वशिष्ठ (B) विश्वामित्र

(C) नहुष (D) अगस्त्य

**64.** 'कामना नहि जखन मनमे
तखन चिन्ता कोन
लुब्ध नहि यदि चित्त सम अछि
रत्न-रज वा सोन' – ई पंक्ति अछि

(A) कृषकमे (B) संन्यासीमे
(C) उत्तरामे (D) पतनमे

**65.** 'पंचपुरुष छथि जनिक संगमे
श्यामा ललना एक' – ई पंक्ति थिक

(A) पंचकन्याक (B) उत्तराक
(C) सीताक (D) गंगाक

**66.** 'उत्सर्ग' लिखने छथि

(A) केदारनाथ लाभ (B) यागेश्वर झा
(C) लक्ष्मण झा (D) मथुरानन्द चौधरी

**67.** बाढ़िक विनाश लीलाक करुण वर्णन अछि

(A) नोरमे (B) समाधिमे
(C) लखिमा रानी (D) सुकन्यामे

**68.** द्रोणाचार्यकेँ गुप्त रूपमे गुरु मानलनि

(A) कर्ण (B) दुर्योधन
(C) अर्जुन (D) एकलव्य

**69.** 'दस मानय तँ पैघ छी नहि तँ सबसँ छोट
कौड़िक मोल हजार हो उदाहरण अछि नोट' – लिखने छथि

(A) चन्दा झा (B) गोपालजी झा 'गोपेश'
(C) सीताराम झा (D) पुलकित लाल दास 'मधुर'

**70.** काव्यमे ठेंठ शब्दक ठाठ रहैत छनि

(A) बदरीनाथ झाक (B) सीताराम झाक
(C) ईशनाथ झाक (D) बुद्धिधारी सिंह 'रमाकर'क

CAREERINDIA

**निर्देश** : निम्नलिखित गद्यांशकँ ध्यानपूर्वक पढ़ि ओहिसँ सम्बद्ध प्रश्नावली (प्रश्न संख्या **71** सँ **75**) क उत्तरक हेतु देल गेल बहुविकल्पसँ सही विकल्पक चयन करु :

लोकतंत्रमे जँ मतदाताक शिक्षित होयब अनिवार्य नहि तँ विधायकक हेतु सेहो शैक्षिक योग्यताक विधान नहि रहैछ । इएह बात मंत्रिमण्डलक प्रसंग सेहो कहल जा सकैत अछि सामान्य शिक्षा प्राप्त व्यक्ति सेहो आधुनिक आर्थिक, वैज्ञानिक आ प्राविधिक समस्याकँ बुझबामे विशेष प्रयासक बादे समर्थ होइत छथि । जनिका सामान्य शिक्षा सेहो नहि छनि हुनका एहिसमक लेशमात्र ज्ञान नहि । फलत: ओ ओ अपन संवैधानिक उत्तरदायित्वक पालन सुचारु रूपें नहि क' सकैत छथि । ओ कोनो विषय पर स्वतंत्र विचार नहि व्यक्त क' सकैत छथि आ'तेँ ओ निहित स्वार्थक प्रचारसँ अधिक प्रभावित होइत छथि अथवा जाहि राजनैतिक दलक ओ सदस्य रहैत छथि तकर पक्षमे आदेशानुसार मतदान करैत छथि ।

एहन परिस्थितिमे बुद्धिजीवीक इहो कर्त्तव्य होइछ जे समय-समय पर उपस्थित प्रश्न समक प्रसंग अपन निष्पक्ष एवं स्वतंत्र विचार प्रकट क' शासन ओ विधायक वर्गक सेहो मार्गदर्शन करथि । जे व्यक्ति (Politically committed) अर्थात् राजनैतिक विचार शृंङ्खलामे आबद्ध होइत छथि, हुनक निरपेक्षता असंभव । हुनक दृष्टिकोण संकुचित होइत छनि तथा सार्वजनिक कार्यक यदाकदा अनुदारता एवं असहिष्णुताक परिचय दैत छथि । बुद्धिजीवी अपेक्षाकृत अधिक व्यष्टिवादी होइत छथि । तेँ ओहि वर्गमे शृंखलाबद्धता कम रहेत अछि । चिन्तन एवं अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता लोकतंत्रक सबल स्तम्भ होइछ । बुद्धिजीवीक हेतु ई आवश्यक जे लोक कल्याण मात्रहिमे हुनक स्वार्थ निहित रहनि ।

**71.** विधायकक हेतु विधान नहि अछि

(A) बौद्धिक क्षमताक
(B) सांस्कृतिक गरिमाक
(C) शैक्षिक योग्यताक
(D) सामाजिक सम्पर्कक

**72.** ओ पालन सुचारु रूपेँ नहि क'सकैत छथि

(A) अपन राजनीतिक क्षमताक
(B) अपन संवैधानिक दायित्वक
(C) अपन वैधानिक मान्यताक
(D) अपन कर्त्तव्यनिष्ठाक तत्परताक

**73.** कोनो विषय पर नहि व्यक्त क'सकैत छथि

(A) स्वतंत्र विचार
(B) स्वच्छ विचार
(C) निर्भीक सुझाव
(D) प्रगतिशील मार्गदर्शन

**74.** हुनक दृष्टिकोण होइत छनि

(A) संकुचित
(B) उदार
(C) संकीर्ण
(D) विराट

**75.** लोकतंत्रक स्तम्भ होइत अछि

(A) कार्यशैलीक विलक्षण क्षमता
(B) चिन्तन एवं मननक तल्लीनता
(C) चिन्तन एवं अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता
(D) अधिकार एवं कर्त्तव्यक तत्परता

**Space For Rough Work**

www.careerindia.com